



POU KLIYAN YO

Gid kliyan an

Jwenn yon biznis, pran randevou, rezève yon chanm oswa achte an liy — nan kèk minit, ak telefòn ou.

Ou pa bezwen kreye yon kont

Ou rezève oswa ou kòmande ak non ou ak nimewo telefòn ou sèlman. Apre sa ou resevwa konfimasyon ou yo sou WhatsApp.

Sa gid sa a genyen

- 1. Jwenn yon biznis
- 2. Pran yon randevou
- 3. Rezève yon chanm
- 4. Achte an liy
- 5. Peye
- 6. Swiv kòmand ou oswa dosye ou
- 7. Jwenn yon sèvis ijans
- 8. Kesyon moun poze souvan

1. Jwenn yon biznis

Gen kat fason, selon sa w ap chèche.

1

Rechèch la

Sou paj dakèy la, mete sa w ap chèche ak vil ou, epi lanse rechèch la. Pa egzanp « kwafi » ak « Delmas ».

2

Kategori yo

Paj **Kategori** gwoupe biznis yo pa domèn : sante, bote, fòmasyon, oto, kay, otèl ak restoran, komès, jiridik. Chak kategori bay metye ki ladan l.

3

Boutik an liy nan

Si w ap chèche yon pwodwi olye yon sèvis, **Boutik** la mete ansanm atik tout vandè yo. Ou ka filtre pa reyon, pa vil, epi klase pa pri oswa pa distans.

4

Kòd QR a

Anpil biznis mete yon kòd QR nan pòt yo oswa sou kontwa a. Louvri aparèy foto telefòn ou, vize kòd la, epi touche lyen ki parèt la : ou rive dirèkteman sou paj yo.

Sou paj yon biznis

Ou jwenn adrès li, orè li, nòt li ak avi kliyan yo, sèvis oswa pwodwi li yo, epi yon bouton WhatsApp pou pale ak li dirèk.

2. Pran yon randevou

Sou paj biznis lan, seksyon rezèvasyon an gide ou an kat tan.

- 1 Chwazi sèvis la**
Dire li ak pri li parèt. Se dire a ki detèmine lè ki disponib yo.
- 2 Chwazi dat la**
Sèlman jou biznis lan louvri parèt. Lè yo deja pran pa montre.
- 3 Chwazi lè a**
Touche lè ki bon pou ou pami sa ki rete lib yo.
- 4 Kite kontak ou**
Non ou ak telefòn ou sifi. Valide : demann ou pati touswit.

Sa k ap pase apre

Randevou ou an **an atant** anvan : biznis lan dwe konfime li. Ou resevwa yon mesaj WhatsApp lè li rive, epi yon lòt lè li konfime. Kenbe referans yo ba ou a.

Ou bezwen anile oswa repòte ?

Avèti biznis lan pi vit ou kapab, ak bouton WhatsApp ki sou paj li a. Se yon kesyon respè, epi sa libere lè a pou yon lòt moun.

3. Rezève yon chanm

- 1 Chwazi kalite chanm nan**
Foto, kapasite, ekipman ak pri pa nwit parèt. Fè foto yo defile pou wè chanm nan sou plizyè ang.
- 2 Mete dat ou ak konbyen moun**
Dat depa a dwe apre dat arive a. Si kantite moun depase kapasite chanm nan, nou di ou sa.
- 3 Chwazi fòmil la**
Gen otèl ki bay plizyè tarif pou menm chanm nan : estanda, ak ti dejene, oswa pa ranbousab ak yon pri pi ba. Dènye a make klè.
- 4 Verifye disponiblite a**
Detay la parèt : konbyen nwit, pri pa nwit, taks, total, ak depo yo mande si genyen. Anyen pa angaje anvan ou valide.

Kondisyon otèl la — lè arive ak lè depa, sejou minimòm, règ anilasyon — parèt anba chanm yo. Li yo anvan ou rezève.

4. Achte an liy

- 1 Ranpli panye ou**
Sou paj yon komèsan oswa nan boutik komen an, ajoute pwodwi ki enterese ou. Yon boul montre toutan konbyen atik ou genyen ak total la.
- 2 Chwazi kijan pou resevwa**
Livrezon lakay ou, oswa vin chèche sou plas. Si ou desann nan otèl la k ap vann nan, koche kaz la epi mete nimewo chanm ou : livrezon an gratis lè sa a.
- 3 Bay adrès ou**
Pou yon livrezon, chwazi zòn ou epi bay yon **pwen repè** : « anfas lekòl la », « kay ble akote famasi a ». Souvan sa pi itil pase adrès la menm.
- 4 Verifye total la**
Sou-total, frè livrezon ak total parèt anvan ou valide. Gen komèsan ki bay livrezon gratis lè kòmand lan depase yon sèten montan.

Yon panye pou chak komèsan

Chak kòmand se pou yon sèl vandè, sa ki prepare epi livre a. Si ou achte lakay de komèsan, ou pase de kòmand.

5. Peye

Se komèsan an ki deside ki mwayen li aksepte. Nou montre ou chwa ki disponib yo anvan ou valide.

Mwayen	Kijan sa mache
MonCash, NatCash oswa Kashpaw	Nou voye ou sou paj peman sekirize a, epi nou remennen ou sou sit la lè peman an fini. Kòmand ou konfime otomatikman.
Kach lè livrezon oswa lè ou vin chèche	Ou peye livrè a oswa nan kontwa a. Pa gen anyen pou peye an liy.

Fè atansyon

Pa janm peye yon acha ak yon lyen ou resevwa nan mesaj prive, epi pa bay pèsonn kòd ou resevwa yo. Peman yo fèt sèlman sou sit la, sou paj paswèl la.

6. Swiv kòmand ou oswa dosye ou

Sou WhatsApp

Ou resevwa yon mesaj nan chak etap : kòmand resevwa, konfime, ap prepare, sou wout, epi livre. Ou pa gen anyen pou fè.

Sou sit la

Paj komèsan an gen yon seksyon swivi. Mete **referans** ou ak **nimewo telefòn** ou pou wè kote kòmand ou rive.

Swiv yon dosye

Lakay yon notè, yon apantè, yon avoka oswa yon kontab, se menm bagay la. Ou wè kote dosye a rive etap pa etap — pa egzanp, pou yon apantaj : demann resevwa, dokiman tè a, rekonesans teren an, leve topografik, bònaj, plan, remèt rapò a — ansanm ak papyè ki poko rive yo.

Kenbe referans ou

Nou ba ou li lè ou valide epi sou WhatsApp. Se li menm, ansanm ak nimewo ou, ki ba ou aksè nan swivi a.

7. Jwenn yon sèvis ijans

Bouton **Ijans** sou paj dakèy la bay klinik, lopital ak famasi ki louvri. Sou paj yo, yon bandwòl wouj montre klè nimewo pou rele a, nimewo anbilans lan, ak mwayen ki disponib : reanimasyon, chiriji, matènite, bank san, oksijèn.

Si se yon ijans grav

Rele touswit oswa ale sou plas. Pa tann okenn repons sou entènèt. Enfòmasyon ki parèt yo ede ou chwazi kote pou ale, yo pa janm ranplase yon apèl.

8. Kesyon moun poze souvan

Èske m dwe kreye yon kont ?

Non. Non ou ak telefòn ou sifi pou rezève oswa kòmande.

Konbyen sèvis la koute ?

Anyen pou ou. Ou peye sèlman sèvis la oswa pwodwi a, nan pri biznis lan afiche a.

Èske rezèvasyon m nan sèten ?

Li an atant anvan, epi biznis lan konfime li. Nou avèti ou sou WhatsApp nan chak etap.

Mwen pa resevwa mesaj WhatsApp la.

Verifye nimewo ou te mete a kòrèk epi li se yon kont WhatsApp aktif. Ou ka swiv kòmand ou sou sit la tou ak referans ou.

Èske m ka anile ?

Kontakte biznis lan ak bouton WhatsApp ki sou paj li a, pi vit ou kapab. Kondisyon anilasyon yo depann de chak etablisman, sitou pou otèl yo.

Èske livrezon disponib tout kote ?

Chak komèsan defini zòn li ak tarif li. Gen kèk ki pran sèlman vin chèche sou plas. Sa parèt anvan ou valide.

Kijan pou m kite yon avi ?

Aprè randevou ou oswa kòmand ou, paj biznis lan pèmèt ou bay yon nòt ak yon kòmantè. Avi ou yo ede lòt kliyan chwazi.

Èske pri yo an goud ?

Wi, tout montan yo afiche an goud ayisyen (HTG).

Yon kesyon, yon pwoblèm ?

WhatsApp ak telefòn : **+509 4490 1724** — lendi jiska vandredi, 8 è a 5 è.

Imèl : **info@bizniskonekte.com**

Sit la gen yon paj kesyon ak yon fòm kontak tou.